

Yon ti refleksyon sou eleksyon sa a

Chè kominote Lekòl Leta Vil Nouyòk

Antanke yon sistèm lekòl leta, mwen kwè nou gen yon ansanm responsablite enpòtan pou elèv ak fanmi nou yo. Nou dwe, avan tout bagay, kenbe elèv an sekirite. Nou dwe prepare yo tou pou yo vin lidè jenerasyon kap vini an. Pou rezon sa yo, yon eleksyon prezidansyèl reprezante yon moman espesyalman enpòtan nan kominote lekòl nou yo.

Jan nou te souliye sa nan Bilten Nouvèl PS+You semèn pase a, ekip sivik nou an fè yon pakèt travay pou angaje elèv nou yo sou plan sivik pandan eleksyon sa a. Nou ap mete nan timoun nou yo anpil apresyasyon ak konpreyansyon demokrasi.

Pandan n ap prepare pou tranzisyon prezidansyèl la an janvyè, timoun nou yo ka ap mande kisa rezilta eleksyon sa yo vle di pou yo. Premyèman, mwen vle asire w ke nou rete fèm nan angajman nou pou kenbe anviwònman nou yo an sekirite ak sipò pou elèv, estaf, ak fanmi nou yo. Sa se pi gwo priyorite nou ak premye responsablite nou kòm yon sistèm lekòl.

Anplis, mwen ankouraje nou tout—edikatè, lidè lekòl, fanmi, ak manm kominote—pou pale sou eleksyon sa a avèk elèv nou yo, epi pou nou montre yon diskou sivil ki reflechi pandan n ap fè sa. Nou dwe sipòte elèv nou yo pou poze kesyon, aprann enfòmasyon, epi eksprime pèspektiv yo avèk respè. Tanpri ale nan schools.nyc.gov/currentevents pou jwenn resous ki ka ede w kreye yon espas pou pale.

Finalman, kòm manm kominote a, nou pral kontinye pran swen elèv nou yo ak youn ak lòt. Chak lekòl gen sipò sante mantal nan lekòl la menm (gade schools.nyc.gov/mentalhealth), epi si w bezwen èd pou oumenm, ou ka rele oswa voye yon tèks nan 988. Si w gen kesyon oswa enkyetid konsènan sekirite ak sipò pou elèv, tanpri kontakte direktè lekòl ou a oswa sipèntandan distri w la.

Pandan n ap gade avni peyi nou an ak demokrasi nou an, mwen vle remèsye w paske w fè pati kominote Lekòl Leta Vil Nouyòk la. Edikasyon leta se yon poto nan sosyete nou an, epi n ap travay chak jou pou prepare pwochen jenerasyon lidè yo. Mèsi paske w gide, nourri, ak sipòte tout timoun nou yo ak defann valè Vil Nouyòk nou yo chak jou.

Nan kolaborasyon,



Melissa Aviles-Ramos,

Chanselye